
# Tànk-ndànk

## CI-CP

Jéego 3

Téere 4

WOLOF



République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

Vente interdite

République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

# Wolof

# Tànk-ndànk

Jéego 3 Téere 4

Édition 2018
Réimpression 2020

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

# Li téere bi ëmb

Tukki Yaay Kéwel........................................ 4

Tukki rabi àll yi ca Sànd........................................ 16

Tey la ekool di tëj........................................ 28

Sunu tool a neex........................................ 40

Tukki ca Pàrku Juuj........................................ 52

# Tukki Yaay Kéwel



Yaay Kéwel nee na ma gunge ko mu
dem Ndar.
Jël nanu sunu yëre def ko
ci waliis yi.
Yeewu nanu suba teel.
Wuti nanu ndox sangu ba set.




Nu génne yëre ci armuwaar bi,
solu ba jekk.
Sol naa samay dàll yuy tëju,
am koroose.
Yaay Kéwel tuur na ndox mu sedd ci bunt bi.



Mu jiitu, ma topp ci ginnaawam.
Nu ngiy dem gaaraas ak
sunuy bagaas.
Gaaraas bi sorewul, moo tax danuy
dox ndànk.



Gaaraas bi dafa fees dell ak i oto yuy xaar.
Yii ngi jëm Tuubaa, yeeneen yi Kees ak yeneen dëkk.
Yaay Kéwel nuyu Xaj sóféer bi ak Golo àpparànti bi.
Mu laajte, Muus, koksoor bi, won ko oto biy dem.



Fekk nanu ay mala yuy xaar,
nu nuyu leen.
Ñiy tukki, ñu ngi toog ci biir oto bi.
Yàkkamti nanu oto bi fees,
ba nu mën a dem.




Bi nu toogee, Golo yéegal sunuy bagaas.

- Waaw, oto bi kañ lay dem Yaay Kéwel ?

- Leegi mu dem, kiliyaan yaa ngi ñëw.



Leegi, palaas yi mat nañu.
Yaay Kéwel génne na xaalis
ci kalpeem.
Xaj jël na sunu paas, dello nu
sunu weccit.
Mu denc xaalis bi ci poosam,
toog ci kanam.




Taal na oto bi, ñu tegu ci yoon wi.
- Yaay Kéwel, Ndar sore na ?
- Sore na kay, dinga romb ay dëkk balaa ngay yegg.
Bu nu jógee Ndakaaru, danuy jaar Tëngeej ak Kees.



Bi nu eggee Ngaay, nu taxaw,
jënd dàlli der.
Weesu nanu Luga, leegi
nu yegg Ndar.
Yaay Kéwel jox na ma ndox ma naan.
Mu may ma beñe, ma lekk ba sama
biir fees.



Am na ñu wàcc oto bi,
di jënd sump.
Ñu duggaat, oto bi di daw jëm Raw.
Yéeg nanu Pom Lebar, péex mu neex
upp nu.
Leegi, yegsi nanu gaaraasu
Soor Jaañ.



Jël nanu sunuy bagaas,
Yaay Kéwel tàggu boroom oto bi.
Woo nanu watiiru fas, waxaale
ak moom, yéeg.
Leegi, watiir baa ngi noŋŋ-noŋŋi
ci tali Ndar.




Nu ngi yéeg pom Federb,
di jëm ci dun bi.
Sunu ndeyjoor lanu jàdd, jëm Loodo.
Nu seen kër gu mag, weex te bari
tóor-tóor.
Foofu la nijaay Kéwel ak umpaañ
Ndóbin dëkk.

# Tukki rabi àll yi ca Sànd



Léeboon lippoon.
Lëg dafa gént dem dëkku ndox bu tudd Sànd.
Am na fa ay till ak ay mbëtt.




Ndox bare na fa, boo wàqee naan.
Waa dëkk ba am nañu ngor.
Lëg waxtaan na ak Gaynde, ci géntam.
Gaynde ne nguuram gi du tukki.




Ñey ne fu muy *amaate* xob yu neex.
Njamala ne ko : « Xob lanuy dunde. »
Lëg ne : « Fi nuy dem mooy dëkk bi gën. »
Lekk ba suur, naan ba màndi, tëdd fu nooy.



Doo rëbbi, loo soxla mu ñëw fekksi la.
Ana lu dàq lu neexe nii ?
Dinañu la dalal, teral la.
Suba la saxaar gi war a ñëw.



Nanu tàggu sunu njaboot,
daje fi ëllëg. »
Ñépp mujj nangoo dem tukki
dëkkub Sànd.
Kenn desul, Golo, Lëg, Bukki,
Ñey, Njamala ak Gaynde.
Saxaar gi egsi, ñoom ñépp yéeg.



Goloo nga ca palanteer ba, ku mu
romb tooñ la.
Lëg a ngi bank ay tànkam,
di sàqami karootam.
Bukkee ngi xalaat, fu muy jële médd.
Ñey ak Njamalaa ngay foto
li ñuy romb.



Ñu wàcc, seetlu ne ku leen romb
nuyu leen.
Lëg ànd na ak moroomam yi ci
njaatigeem Mool.
Ñu terale leen ginaar, ak meññeef
yu wuute.
Mool xéy dem géej indaale
jën yu bare.



Mu ne leen danuy waxtaan,
laata nuy lekk.
Laaj bi mooy ñaata yëg-yëg
ñoo am ?
Lëg ne ko juroom.
Mu ne : « Na ku nekk lim benn. »



Njamala xalaat ab diir, xulli bëtam,
ne gis-gis. Golo wokk bopp bi, tontu,
ne yëg-yëgu làmb-daj.
Gaynde firi paxi bakkanam,
ne yëg-yëgu xeeñtu. Ñey jóg, téen,
yëngal noppam yu yaa,
ne leen yëg-yëgu dégg.



Mool ne Bukki ban a des ?
Bukki firi bakkan ya, xeeñtu,
ne ko médd.
Mool ne : « fii kenn du fi lekk médd.
Gaawal abal ma, ayca, ca biti. »




Bukki ne Lëg : « Lii waxoo ma ko woon. »
Lëg laaj ko, ne : « Bukki xamuloo yëg-yëg bi des ?
Ak ni nga bëgge lu saf. »
Bukki tontu ko : « Maa ngi lay xaar ca àll ba. »



Gaynde ne ko : « Doo ko def dara. »
Bukki génn, di xultu, di jàmbat,
col-coli di dem.
Noonu, mala yi ci des lekk
ba suur këll.
Ngan gu neexe nii, dootuñu ko
fàtte mukk.

# Tey la ekool di tëj



Tey la bés bi nuy mujj a dem jàngi.
Taxaw nanu ci raŋ bi, ci sunu
kanamu kalaas.
Nu toppante dugg ci biir.
Tey, dinanu liggeey tuuti,
jàng tuuti, fo tuuti.




Sunu madam jox nanu
sunu kaye yépp.
Liggeey bi rafet na,
ñépp jàmbaar lañu.
Sunu waa kalaas yépp a jàll.
Ñépp a am ndam ci njàng mi,
ñépp a bég.



Madam Sugu dajale nanu, nuy woy woyu tàggatoo.
Bale nanu kalaas bi,
raxas ko ba mu set.
Bintu ubbi na kaye, ngir xaritam yi wax seen i xalaat.



Rama def na nataal ci kaye fàttaliku bi.
Usmaan bind na ci ay xalaatam, ne dina namm Bintu.
Mu ne Mataar : « Yaw, looy def ci jamonoy bër bi ? »
Mataar tontu na ne dafay tukki.



Mati moom, nee na dafay dem
Gànnaar seeti nijaayam.
Ku nekk ci nun bind nga woy ci kaye
Bintu.
Jëmm yi dinañu soree, waaye xol yi
dinañu gise.




Leegi, Madam Sugu mu ngi ñuy digal.
Su géej gi meree, bu kenn sanguji.
Nangeen dem tool ya dimbali seen i waajur.
Xale yi nañu jàppale waa kër gi.




Weeru sàttumbar su jotee xalaat leen nafar seen njàng.
Patirig a ngi wax Seyna : « Waaw, kañ lanuy gisewaat ? »
Mu tontu ko : « Dinaa la woo telefon leeg-leeg. » Noppaluji neex na waaye tàggatoo tamit metti na.



Dóor nañu kolos bi, ñépp génn ci ëttu ekool bi.
Ay xalee ngi dóor-dàqe ak a palaalin.
Ñii di tëb ci buum, ñee ñu ngiy futbal.
Jigeen ak góor ñépp a ngi fo, ekool bi xumb.




Duggaat nanu kalaas, waaye elew yi dañu toog defi pàcc.
Ñu ngiy waxtaan, ku ne di wax sa xalaat. Axma ak Muumi dinañu dem Tuubaa, seeti seen tànta Jaara. Masuñu faa dem, dégg nañu ne yoon wi sore na.



Oto bi dina daw ba Njaareem, dawaat waxtu, àgg. Nee nañu Tuubaa dëkk bu rëy la, am mbedd yu yaatu. Ngóor seereer la, moom dafay dem Jiwaalo, kër maamam Décce. Su yeggee, dina ànd ak moom ci gaalaam dem nappi jën.




Su fa jógee, mu ànd ak Diboor wuti paañ.
Ci kow pom bi lañuy jaar, doxantu ba Faajut.
Xale yaa ngi waxtaan, fàtte ni ñu ngi ci kalaas.




Madam Sugu woote na, ngir nu fotowu ak moom.
Dajaloo nanu, wër ko, di reetaan ca  kow.
Fotokat bi won nanu ni nuy taxawe jàkkaarloo ak moom.


# Sunu tool a neex




Nawet bi jeex na.
Dugub ji, ñebbe ji ak mboq
mi ñor nañu.
Njamala ànd ak waa këram,
fas yéene dem góobi.
Fajar teel, Ginaar sab, ñu yeewu.




Bi ñu ndékkee ba noppi, ñu dajale bagaas yi.
Bagaas yi amoon na ngóobaan, buumi guy ak paan.
Amoon na itam ndox, warga ak suukër ngir àttaaya.



Ñu takk sareet ba mu dëgër.
Ñu yéeg ci, jiitle àndandoo di dem.
Sàmba Njamala, Kumba Njamala ak
seen i doom la woon.
Tool ba nag, Raw la nekk.



Bi ñu dawee lu tollu ci ay kilomeetar,
ñu egg.
Waa kër Njamala taxaw ci buntu
tool bi.
Ñu wàcce bagaas yi, dugal ci biir.



Sàmba Njamala, baay ja,
ne guleet.
Mu sas ku ne la mu war a liggeey.
Ñu jël seen i ngóobaan, tàmbali
liggeey bi.
Sàmba Njamala moo jiite genn wetu
tool bi.



Ñaari magi Njamala, Njoof ak Njari,
jël geneen wet gi.
Seen Yaay ak yeeneen ñaari
doomam ñoo féetewoo ngóob mi.
Kenn toogul, liggeey bu noppi,
ñu song beneen.
Kenn nanguwul sa moroom raw la.




Ku nekk di kër-këri, di liggeey
bu baax.
Ñuy dagg gubu dugub yi, di dajale,
di teg.
Bi ñu daggee ba mu bare,
ñu takk leen.
Ñu mujj am ay sabaar yu bare.



Diggu bëccëg jot, jant bi ne dàŋŋ, naaj wi tàng.
Liggeey bi gën a metti, beykat yi ñaq, sonn lool.
Wànte coono bi taxul ñu bàyyi liggeey bi.




Njamala caat moom,
xiif na, sonn na.
Mu dem toog ci suufu guy gi
di noppalu.
Kenn mënul a ñibbi, ndaxte ñibbi
jotagul.



Nees tuuti rekk, añ bi xeeñ.
Ŋaso, taawu Njamala moo ko doon tàngal.
Ñu dakkal liggeey bi, añ ba suur, naan ba màndi.



Kumba Njamala moo féetewoo àttaaya ji.
Njamala caat mooy joxe kaas yi.
Samba Njamala naan àttaayaam, lekk doomu guroom, daldi géex.
Bi ñu noppee nag, ñu fas yéene ñibbi.



Ñu daldi dajale bagaas yi.
Jël sabaar yi teg ci saret yi, di dem.
Ñuy woy naan : « Dugub ñorati na,
tey cere neex tooy. »
Mboq ñor na, ñebbe ñor na,
Ndumbelaan neexati na.

# Tukki ca Pàrku Juuj



Tey dafa tàng lool !
Raki ne xaram Mbosi : « Nanu dem tey pàrk Juuj ! »
Mbosi ne : « Waaw, Pàrk Juuj nga wax ? »
Raki tontu ko : « Waawaaw te gaal lanuy jël. »




Mbosi di fecc, di yëngal geen :
« Masuma dugg gaal,
tey laay dugg gaal. »
Raki jël ab boyet def ci lekk gi
ñuy yóbbaale.
Amoon na mburu, am gerte,
am fataaya ak ndox.




Ñu noppi, Raki ne xaram Mbosi :
Gaawal nag.
« Bu nu sàgganee, gaalu Baay Mbott dina nu fi bàyyi. » Ñu waaxu ñoom ñaar, gaawantu daldi dugg ca gaal ga. Raki tëye boyetam, toog, uuf xaram Mbosi.




Baay Mbott di joow, gaal gi di dem.
Ay mbonaat ak ay jën di leen romb.
Mbosi ne Raki : « Mbaa fàttewoo lekk ga ? »
Raki ne ko : « Déedeet, fàttewuma ko de, xoolal ! »




Raki ubbi boyet bi rekk yuuxu.
Mbosi Xar ne ko : « Lan la ? »
Mu sëgg, xool boyet ba dara nekkatu ca.
Ndekete jinax yaa dugg ca boyet ba, lekk lépp.




Pàppa Jinax, Yaay Jinax ak seen i doom nekk ci biir.
Ñu bég, di dajjant, dara desatul ca boyet ba.
Pàppa Jinax ne Raki : « Baal ma de. Danu masul dugg gaal rekk te xetu fataaya bi neex. »



Danu bëgg itam dem pàrk Juuj, xooli picc ya.
Yaay Jinax ne : « Te it xale yi dañu xiifoon lool. »
Mbosi mer, ne : « Mbee, mënoon ngeen ci desal tuuti. »



Nees kiisi, gaal ga taxaw ca diggu dex ga.
Baay Mbott ne leen : « Déglu leen ma.
Ay Coof ñooy jàll di dem ngénte Yaabooy.
Leegi, danuy xaar ba ñu jàll,
nu soog a dem. »



Mbosi ne  : « Hoo, kañ lanuy egg nag ? »
Baay Jinax ne : « Te sax amatunu lu nu lekk. »
Ñu toog lu yàgg, gaal gi demul.
Jinax yi di tëb ak a dal,
ne dañu sonn.



Mbosi ne : « Waawaaw, man damay tàllal itam samay tànk. »
Muy bajantu ak di waŋŋeetu,
Raki di ko toppandoo.
Mu tàmbalee xumb, xale yi ci gaal gi yépp jóg. Jinax yi, xale yi, Mbosi, Raki, ñépp di fo.



Baay Mbott jekki jekki joowaat.
Mu ne Coof ya jàll nañu ba noppi.
Ñépp toogaat bég, simila-ak-saa la
ñu seen ay picc.
Jege nañu Pàrk Juuj, leegi dañuy
wàcc dox.



Raki, Mbosi Xar, Jinax ya,
ñoom ñépp a ànd.
Xoolal picc yi : tan, seku, céeli,
kanaara ak yeneen.
Ay tóor-tóor romb leen, ñuy woy :
« Tóor-tóor may ma xorom bindal
ma, jàngal ma. »

Ce livret décodable gradué a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN